



Pou Piblikasyon Imedya: 20/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN POU VIN LWA REFÒM ELEKTORAL RADIKAL

Nouvo lwa yo pral fè li pi fasil pou Nouyòkè yo vote epi pou yo konte yo an novanm nan

S.8015-D/A.10833 otorize elektè yo pou mande yon bilten vòt pa korespondans akòz risk maladi, enkli COVID

S.8783A/A.10807 otorize elektè yo pou mande bilten vòt pa korespondans k'ap kòmanse apati jodi a

S.8799A/A.10808-A pèmèt yo mete so lapòs sou bilten vòt pa korespondans yo nan Jou Eleksyon an, 3 novanm

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen pou vin yon lwa refòm elektoral radikal ki pral fè li pi fasil pou Nouyòkè yo vote epi pou yo konte yo an novanm nan. Pake ki gen twa pati gen ladan nouvo mezi k'ap pèmèt yo soumèt aplikasyon bilten vòt pa korespondans yo bay Konsèy Elektoral la imedyatman, ki agrandi pwoteksyon ki nesèsè ki pèmèt yon elektè jwenn yon bilten vòt pa korespondans akòz risk oswa pèrèz pou maladi ki gen ladan COVID-19 ak asire yo pral kote tout bilten vòt pa korespondans ki gen so lapòs nan jou oswa anvan Jou Eleksyon an oswa pou Konsèy Elektoral la resevwa li san so lapòs nan jou ki vini apre eleksyon an. Yo pral konte bilten vòt ki gen yon so lapòs ki montre ke yo te poste nan jou oswa anvan Jou Eleksyon an si yo resevwa disi 10 novanm.

"Administrasyon federal la te òdone yon atak san parèy sou Sèvis Lapòs Etazini an ak COVID-19 ki menase kapasite nou pou gen vòt an pèsòn san danje, mezi sa yo esansyèl pou asire yon eleksyon ak siksè epi ki jis nan youn nan moman ki pi enpòtan nan istwa peyi nou an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mezi sa yo pral kraze baryè a demokrasi pi plis epi yo pral fè li pi fasil pou tout Nouyòkè yo egzèsè dwa yo pou yo vote nan mwa novanm sa a."

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Aksè pou vote se youn nan fondasyon debaz nan demokrasi nou an. Avèk pandemi COVID-19 kontinyèl la, nou dwe asire ke pa gen okenn Nouyòkè ki santi yo gen presyon pou yo mete sante yo ak byennèt a risk pou yo egzèsè dwa konstitisyonèl yo pou vote. Mwen remèsye sipòtè pwojè lwa yo paske yo avanse lejislasyon sa a, ak kòlèg mwen yo nan Majorite

Demokratik Sena a mwen pou angajman kontinyèl yo pou bay votè New York yo ak Gouvènè Cuomo mwayen pou siyen pwojè lwa sa yo".

Prezidan Asanble a, Carl Heastie te deklare, "Majorite Asanble a konnen ke demokrasi mache pi byen lè li pi fasil, se pa lè li pi difisil pou Ameriken yo vote. Men administrasyon Washington lan pwouve yon lòt fwa ankò ke yo pa valorize enstitisyon demokratik esansyèl sa yo, ki menm rive atake Sèvis Lapòs Etazini an pou limite aksè pou vote pa lapòs. Isit la nan New York, nou pa pral kanpe pou sa. Nan kòmansman ane sa a, nou te pase lejislasyon pou elaji elektè yo pou yo jwenn aksè a vòt pa lapòs, epi nou pral kontinye goumen pou fè li pi fasil e pi an sekirite pou Nouyòkè yo egzèsè dwa konstitisyonèl yo pou yo vote, ak pwoteje entegrite eleksyon nou yo".

Sa ki gen rapò ak demann bilten vòt pa korespondans akòz risk maladi (S.8015-D/A.10833)

Lejisasyon sa a bay elektè yo dwa pou yo mande yon bilten vòt pa korespondans akòz risk maladi pou tèt yo oswa pou lòt moun.

Senatè Alessandra Biaggi te deklare, "COVID te ranvèse tout aspè nan lavi nou -- men nou pa ka pèmèt li destabilize demokrasi nou an ak dwa sakre Nouyòkè yo pou vote. Mwen te prezante S8015D pou asire ke pa gen okenn New Yorker k'ap gen pou chwazi ant sante yo ak ranpli responsablite sivik yo. Malerezman, pandan eleksyon mwa jen an, anpil Nouyòkè te oblije fè chwa sa a paske yo pa te resevwa bilten yo alè. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo paske li siyen pwojè lwa mwen an pou li bay chak Nouyòkè asirans ke yo kapab vote atravè bilten vòt pa korespondans an novanm k'ap vini an e pou bay Konsèy Elektoral la tan yo bezwen pou yo prepare. Mwen vle ekspriye gratitud mwen pou Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak kòlèg mwen yo nan lejislati a pou patenarya yo ak angajman yo nan pwoteje demokrasi nou an".

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Jodi a se yon gwo jou pou demokrasi nou an nan Eta New York. Pandan n'ap kontinye travay sou fason pou ogmante efikasite elektè nan pwosesis bilten vòt pa korespondans lan, mwen di Gouvènè Cuomo mèsè poutèt li siyen pwojè lwa sa a pou fè li vin yon lwa pou Nouyòkè yo pa oblije chwazi ant risk sante piblik ak ranpli devwa sivik nou pou vote. Mwen fyè ke Eta New York ka opoze ak administrasyon Mezon Blanch nou an nan pran mezi pou fè li pi fasil ak pi an sekirite pou vote, olye pou nou simen dispèsyon politik ki afebli enstitisyon demokratik fondamantal nou yo".

Sa ki gen rapò ak demann bilten vòt pa korespondans (S.8783A/A.10807)

Lejisasyon sa a otorize votè yo pou mande bilten vòt pa korespondans imedyatman, 30 jou anvan Jou Eleksyon an, sa k'ap ajoute prèske 7 semèn sou kantite tan yon elektè gen pou vote atravè bilten vòt pa korespondans. Lejisasyon sa a elimine yon dispozisyon legal ki demode ki anpeche elektè yo pou yo mande bilten vòt pa korespondans jiska 30 jou anvan Jou Eleksyon an. Lejisasyon an bay elektè yo rasirans ke yo pral resevwa vòt yo epi yo ka vote nan yon moman opòten.

Senatè Zellnor Myrie te deklare, "Avèk yon ogmantasyon nan kantite elektè ki planifye pou vote atravè bilten vòt pa korespondans ane sa a, li enpòtan pou bay konsèy administrasyon elektoral lokal yo ase tan pou yo travay sou aplikasyon yo epi voye bilten vòt yo, epi maksimize lè pou elektè yo ranpli yo epi retounen yo. Lejislasyon sa a se yon pati nan efò kontinyèl nou pou elaji aksè a vòt yo, pandan pandemi an ak adola. Votè yo ta dwe gen konfyans total ke, si yo itilize yon bwat postal oswa yon bwat bilten vòt, yo ka fè egzèsis dwa yo san danje, byen garanti epi san yo pa gen obstak".

Manm Asanble Al Taylor te deklare, "Kriz sante COVID-19 la te transfòme lavi jan nou konnen li, enkli fason nou vote. Ane sa a nou te wè yon ogmantasyon dis fwa plis nan demann bilten vòt pa korespondans, ak plis moun pase ki chwazi vote pa lapòs pase anvan pou pwoteje sante fanmi yo ak kominote a. Avèk nouvo reyalite sa a, nou dwe asire ke elektè yo kapab egzèsis dwa yo nan pwochen eleksyon yo san danje epi avèk efikasite, e ki gen ladan resevwa bilten vòt pa korespondans nan yon moman opòten. Mwen santi mwen onore pou kontinye batay pou elaji ak pwoteje dwa vòt yo nan New York ansanm ak kòlèg mwen yo pandan n'ap bati sou pwogrè ki deja fèt pandan n'ap ede vwazen nou yo rete an sekirite. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsi poutèt li ratifye pwojè lwa sa a".

Sa ki gen rapò ak bilten ki gen so lapòs nan Jou Eleksyon an (S.8799A/A.10808-A)
Lejislasyon sa pèmèt yo mete so lapòs sou bilten vòt pa korespondans yo nan jou eleksyon an, 3 novanm. Lejislasyon an modifye lwa eleksyon an tou pou pèmèt Konsèy Elektoral la konte tout bilten vòt pa korespondans ki gen yon tenb ki date ki montre li te delivre bay Konsèy Elektoral la jou ki vini apre eleksyon an, men li pa gen yon so lapòs ki gen dat. Konsèy Elektoral la pral estime ke yo poste bilten vòt sa yo nan yon moman opòten.

Senatè Michael Gianaris te deklare, "Li enpòtan pou nou aprann leson nan eleksyon primè a epi asire yo konte chak vòt ki valid an novanm nan. Pwojè lwa a ke yo te siyen jodi a pral ede izole elektè yo soti nan pwoblèm ki te koze pa difikilte ak Sèvis Lapòs Etazini an. Mwen rekonesan paske Gouvènè a ap pwomilge li".

Manm Asanble Rodneyse Bichotte te deklare, "Lejislasyon gouvènman an siyen jodi a pral asire ke yo pwoteje dwa Nouyòkè yo pou yo patisipe nan pwosesis elektoral la. Nou te wè to patisipasyon san parèy elektè pa korespondans yo pandan primè a, men akòz defi finansye nan Sèvis Lapòs Etazini an, anpil nan bilten vòt yo pa te resevwa so lapòs a tan. Nou dwe leve kanpe nan okazyon an epi asire ke elektè yo atravè eta a kapab vote san danje epi ak efikasite. Lejislasyon sa a pral ede adrese pwoblèm avèk Biwo Lapòs la, nan asire ke bilten vòt pa korespondans ki pa resevwa yon so lapòs pou yo konsidere yo rive alè si Konsèy Elektoral la resevwa nan jou ki vini apre eleksyon an. Sa pwoteje entegrite vòt yo ak afranchi elektè yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li siyen pwojè lwa sa a ak kòlèg mwen yo nan Lejislati a paske yo sipòte Nouyòkè yo lè yo asire ke yo pwoteje dwa konstitisyonèl yo pou vote".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)